

ABCD sou Pwotection Medicare

**Medicare se yon pwogram federal pou
pwotection sante moun ki gen 65 an ou plis
oswa pou jèn moun ki kalifye kòm andikape.**

Estat VIH pou kont li pa kalifye yon moun pou Medicare. Pale ak manadjè ka ou an pou aprann plis sou Medicare. Ou ka jwenn èd pou enskri nan Medicare, epi yon fwa ou enskri, Pwogram Ryan White HIV/AIDS (RWHAP) ak Pwogram asistans pou dwòg li an (AIDS Drug Assistance Program, ADAP) kapab ede w peye pou yon pati nan depans pou pwotection Medicare yo.

**Medicare separe an plizyè pati,
epi chak pati yo garanti yon aspè
diferan nan swen ou.**



Pati A (Pwotection Lopital): Li garanti swen pou pasyan ki entène lopital, swen nan yon etablisman ak enfimyè ki kalifye, swen ospis ak kèk sèvis swen sante nan kay.



Pati B (Pwotection Medikal): Li kouvri sèvis swen doktè ak swen lòt ekip pwofesyonel medikal kapab bay, sèvis prevansyon, sèvis pou pasyan ekstèn, remèd ak pèeskripsyon yon doktè, swen sante nan kay ak kèk ekipman medikal.



Pati D (Pwotection Preskripsiyon medikaman): Garanti depans preskripsiyon medikaman pou pasyan yo, tankou remèd pou SIDA.

Vizite www.medicare.gov/eligibilitypremiumcalc
pou wè si ou kalifye pou Medicare.



Gen de fason pou enskri nan Medicare: Original Medicare avek Medicare Advantage

Original Medicare



Original Medicare la gen ladan pwoteksyon pou Pati A (lopital) ak Pati B (medikal).



Medicare Pati D (pwoteksyon pou preskripsiyan medikaman) fakiltatif men li kapab achte separeman. Plan Original Medicare yo administre pa gouvènman federal la.

Si ou enskri nan Original Medicare la epi ou pa enskri nan pwoteksyon pou preskripsiyan medikaman an men ou deside ajoute li apre, ou pral peye yon penalite pou enskripsiyan an reta pou tout rès pwoteksyon Medicare ou an.

- An jeneral ou pa oblige peye yon chaj chak mwa pou Pati A Medicare lan, si ou te peye taks Medicare pou yon sèten kantite tan pandan ou t ap travay.
- Tout moun dwe peye yon chaj chak mwa pou Pati B Medicare lan.
- Gen kèk moun ki ka kalifye pou yon Pwogram Ekonomi Medicare (**Medicare Savings Program**) pou ede peye yon mòso nan Pati A ak Pati B nan Medicare la
- **Extra Help Program** (Pwogram Èd siplemantè) ede kèk moun peye pou depans pou preskripsiyan medikaman.
- Gen kèk moun ki achte yon plan **Medigap** ki se asirans siplemantè ki ede garanti depans ki asosye ak pwoteksyon Medicare Pati A (lopital) ak Pati B (medikal). Ou pa ka itilize Medigap pou depans ki asosye ak Pati D nan pwoteksyon pou preskripsiyan medikaman.

Medicare Advantage



Plan Medicare Advantage oswa pati Medicare C an, se plan ki enkli Pwoteksyon Pati A (lopital) ak Pati B (medikal). Li gen ladan tou Pati D ki se pwoteksyon pou preskripsiyan medikaman an. Lòt plan nan Medicare Advantage ka gen ladan benefis siplemantè ke Original Medicare la pa genyen, tankou zye (vizyon), zòrèy (tande), ak benefis swen pou dan.



Se yon konpayi asirans prive ki jere plan yo. An jeneral, w ap bezwen itilize founisè swen sante nan rezo ki nan plan ou an. Gen kèk plan ki pèmèt ou sèvi ak lòt founisè ki an deyò rezo ou, men li koute pi plis pou sèvi avèk yo.



Chak Plan Medicare Advantage ka gen depans ak règleman diferan sou kijan ou kapab jwenn sèvis yo. Règleman sa yo ka chanje chak ane. Chak ane, ou ka chwazi kenbe plan ou genyen kounye a, oswa chwazi yon plan diferan.



ACE TA Center ede founisè Pwogram VIH/SIDA Ryan White enskri divès kliyan nan asirans sante. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan: www.targethiv.org/ace.

This resource was prepared by JSI Research & Training Institute, Inc., and was supported by the Health Resources and Services Administration (HRSA) of the U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of an award totaling \$375,000 with 0 percentage financed with nongovernmental sources. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by HRSA, HHS or the U.S. Government.